# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–20 जून 2025 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आजु प्रदेस के कुशीनगर जिला से होत बिहार के सिवान पहुंचलें। ओइजा उहां के पांच हजार नौ सौ करोड़ रूपिया से बेसी के विकास परियोजनन क उद्‌घाटन कइलीं अउर नेइ धइलीं। प्रधानमंत्री बिहार अउर उत्तर प्रदेस के जोड़े वाला चारि सौ करोड़ रूपिया से बेसी लागति से तइयार वैशाली–देउरिया रेल लाइनि परियोजना देस के समरपित कइलें। सथहीं पाटिलीपुत्र आ गोरखपुर के बिच्चे वंदेभारत एक्सप्रेस ट्रेन के वर्चुअली झंडी देखा के रवाना कइलें। येह मौका पर आयोजित जनसभा के सम्बोधित करत प्रधानमंत्री कहलें कि पूरा दुनिया भारत के विकास क सराहना कइ रहल हौ अउर देखि रहल बा कि कइसे भारत दुनिया क तीसरी सबसे बड़हन आरथिक महासक्ति बनले के ओरि आगे बढ़ि रहल हौ।

***मैं कल ही विदेश से लौटा हूं। इस दौर में मेरी दुनिया के बड़े–बड़े समृद्ध देशों के नेताओं से बात हुई। सारे नेता भारत की तेज प्रगति से बहुत प्रभावित है। वह भारत को दुनिया की तीसरी बड़ी आर्थिक महाशक्ति बनते देख रहे हैं। इसमें बिहार की बहुत बड़ी भूमिका होने वाली है।***

एहसे पहिले कुशीनगर एयरपोर्ट पहुंचले पर जिला क प्रभारी मंत्री दिनेश प्रताप सिंह, भाजपा क प्रदेस अध्यक्ष भूपेंद्र सिंह चौधरी, कैबिनेट मंत्री सूर्य प्रताप शाही, राज्य सभा सदस्य आरपीएन सिंह अउर कुशीनगर क सांसद विजय कुमार दूबे प्रधानमंत्री क स्वागत कइलें। एयरपोर्ट पर करीब दस मिनट रूकले के बाद प्रधानमंत्री बिहार खातिर रवाना हो गइलें।

**********

पूर्वांचल एक्सप्रेस–वे से जोडे वाले एक्यानबे किलोमीटर लमहर गोरखपुर लिंक एक्सप्रेस–वे क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लोकारपण कइलें। येह मौका पर उहां के आजमगढ़ के सलारपुर अउर गोरखपुर के भगवानपुर टोल प्लाजा के लग्गे अलगि–अलगि जनसभो के सम्बोधितो कइलीं। आजमगढ़ में लोकारपण समारोह पूरा भइले के बाद मुख्यमंत्री ओइजा से गोखपुर में आयोजित समारोह वाली जगहि ले एक्सप्रेस–वे से ही पहुंचलें। येह दौरान उहां के सरजू नदी पर बनल कम्हरिया घाट पुलो क निरीक्षण कइलीं। लोकारपण समारोह में मुख्यमंत्री कहलें कि गोरखपुर लिंक एक्सप्रेस–वे न त खाली गोरखपुर अउर एकरे लग्गे के जिलन बलुक नेपाल से आवे वाले यात्रियनो क सहूलियत बढ़ा दिहले हौ। सामरिक दृस्टि से ई एक्सप्रेस–वे भारत–नेपाल सीमा के नगिच्चे भइले के नाते रणनीतिको तौर से खास हौ। ई पूरबी उत्तर प्रदेस क विकास के मुख्य धारा से जोड़ी सथहीं पटना से दिल्ली ले के जतरा के आसान बनाई। उहां के कहलीं कि सरकार रोड अउर एयर कनेक्टिविटी के मजबूत आ समृद्ध बनवले के दिसा में लगातारे कार कइ रहलि हौ।

***जब हम लोग दो हजार सत्रह में आये थे हमारे पास डेढ़ एक्सप्रेस–वे थे यमुना एक्सप्रेस–वे और आगरा लखनऊ एक्सप्रेस–वे का काम आधा हुआ था। आज मुझे बताते हुए प्रसन्नता है आधे काम को तो हमने पूरा किया ही पूर्वांचल एक्सप्रेस–वे की यात्रा का साक्षी आप बन रहे हैं। 2021 से लगातार बन रहे हैं 2022 में बुंदेलखण्ड एक्सप्रेस–वे चालू हो गया है। तीन सौ किलोमीटर का है। पूर्वांचल एक्सप्रेस–वे 340 किलो मीटर का बन करके पहले तैयार हो चुका है।***

**********

केंद्रीय पर्यावरण, वन अउर जलवायु परिवर्तन मंत्री भूपेंद्र यादव के अध्यक्षता में बहराइच जिला के कतर्नियाघाट वन्य जीव प्रभाग में आजु एक दिवसीय कार्यसाला क आयोजन कइल गइल। कार्यसाला के दौरान घड़ियाल संरक्षण के बारे में पुरहर चरचा भइल। बहराइच क सांसद डॉक्टर आनंद कुमार गोंड़, केन्द्रीय मंत्री श्री यादव से वन में स्थित गांवन के चतुर्दिक विकास क मांगि कइलें। केन्द्रीय मंत्री अधिकारियन के येह गांवन के विकास क मॉडल प्रस्तुत करे के कहलें। सथहीं कतर्नियाघाट के अउरियो बेसी विकसित कइलहू क निरदेस दिहलें। येह मौका पर प्रदेस सरकार में राज्य मंत्री केपी मलिको मौजूद रहलें।

**********

संचालन अउर रख–रखाव से से जुड़ल कारण से एयर इंडिया क कई गो अन्तर्राष्ट्रीय उड़ान रद्द चाहे कम कइल गइल हईन। एयर इंडिया क बेयान के मोताबिक अमृतसर से लंदन अउर गोवा से लंदन क उड़ान पनरह जुलाई आ दिल्ली से नैरोबी क उड़ान तीस जून ले नाही होई। एगो बातचीत में ईहो बतावल गइल हौ कि बिहने से पनरह जुलाई ले दिल्ली से टोरंटो, वॉशिंगटन, लंदन, पैरिस, वियना, मेलबॉर्न अउर तोक्यो क कई गो उड़ानन क संख्या कम कइल गइल हौ।

**********